

## NAP KONTINYE KANPE KONT NEWMONT

### **Deklarasyon òganizasyon nan sosyete sivil Ayisyen an k ap lite kont pwojè eksplwatasyon min metal pou defann dwa aksè tè, dwa dlo, ki se baz pou kenbe lavi nan kominote yo.**

Nou menm òganizasyon angaje nan kominote Ayisyèn nan, pi espesyalman nan rejyon gran Nò a, nou mete vwa nou ansanm pou renouvle angajman nou nan lite kont tout agresivite (pwovokasyon) konpayi min Newmont lan nan peyi a. Nap kontinye reziste kont tout eksplwatasyon min metal nan peyi a paske nou kwè pa gen oken fason pou konstwi yon min metal nan Ayiti san li pa koze gwo dega, ki ka rive jouk nan yon kalite jenositid.

Lè nou konsidere, wotè dansite popilasyon Ayisyèn nan, anviwon 12 million moun ap viv sou 27 750 Km<sup>2</sup>, epi nou konnen gen sit min metal nan mond lan ki konn rive plis laj pase Marakanya ki se yonn nan pi gwo pak foot-ball epi chak konsesyon minyè kapab mezire jiska 25 km<sup>2</sup>. Pa gen oken posiblite pou limite sit min metal ak kote popilasyon an ap viv.

Lè nou konsidere, Ayiti deja ap fè fas ak kriz dlo, prèske tout zòn ki anba menas min yo se tèt mòn kote nap freyatik (rasin dlo) yo ye epi nou konnen konpayi min yo konn rive itilize jiska 250 000 lit dlo chak 1è tan. Ki donk eksplwatasyon min nan kapab mete abse sou klou nou.

Lè nou konsidere, nivo vilnerabilite Ayiti fas ak kriz dezòd klima a, epi nou konnen jan eksplwatasyon min metal detwi ak pwazonnen anviwònman an. Li pa posib pou oken moun imajine aktivite estraktif nan Ayiti pou evite sityasyon an rive plis grav.

Pou ansanm rezon sa yo ak lòt ankò nou pa site, nou deside makònen fòs nou pou kontinye goumen kont tout kalite pwojè estraktif ki ta vize mete sityasyon lavi plis difisil nan peyi a. Nou deside kanpe kont konpayi min Newmont lan nou konsidere kòm yonn nan pi gwo demon kap detwi lavi nan mond lan. « Kèk nan nou te gen chans vizite dezans konpayi min Newmont lan fè nan rejyon Ahafo nan peyi Ghana<sup>1</sup> ». Nou konnen se Newmont ki te gen plis pèmi pwospeksyon ak rechèch sou tèritwa Ayisyen an, epi menmsi tout pèmi sa yo deja eksperimen selon lejislasyon minyè a, nou konnen Newmont toujou gen enterè pou devlope aktivite min nan Ayiti. Nou pa kapab tolere yon dezans konsa vin rive nan Ayiti.

Nap pwofite okazyon sa, pou nou lanse yon apèl pou tout kominote nan mond lan k ap soufri anba konpayi min Newmont lan oubyen ki anba menas, pou nou makònen fòs nou ansanm, pou pran aksyon kolektif, pou defann dwa lavi ki anba menas tout kote Newmont ap opere. Nou mande solidarite tout enstans nan mond lan ki kwè nan defans dwa latè, dwa dlo, dwa anviwònman, dwa lavi an jeneral. Tout sitwayen angaje nan mond lan, pote kole ak nou, pou fòse Newmont respekte dwa kominote yo epi kanpe sou tout pretansyon eksplwatasyon min metal nan Ayiti.

Nou pa dakò ak pwojè eksplwatasyon min metal nan Ayiti!  
Nou bezwen pwojè rebwazman!  
Nou bezwen pwojè enfrastrikti dlo!

Ayiti, 24 Avril 2023

**Pou otantifikasyon:** Samuel NESNER, [samuelsnesner537@gmail.com](mailto:samuelsnesner537@gmail.com), +509 4354 5577  
+509 3756 2172  
Castin MILOSTENE, [milocastin@yahoo.fr](mailto:milocastin@yahoo.fr), +509 3275 8867

---

<sup>1</sup> Samuel NESNER, ansyen animatè nan kolektif Jistis Min nan Nòdwès.

## Òganizasyon siyatè yo:

#	òganizasyon	Reprezantan	Zòn
1	ASOSYASYON KILTIREL SOKIJA (AKS)	Samuel Nesner	Pòdepè
2	Tèt kole ti peyizan Ayisyen rejyon nòdwès	Pierre Joseph	Nòdwès
3	Inisyativ Fanm Ayisyèn (IFA)	Roselène Etiènne	Janrabèl
4	Kòdinasyon òganizasyon Peyizan Ba Basenble (KOPBB)	Nernel Navid	Basenble
5	Rezo òganizasyon Nòdwès	Kerby Joseph	Nodwès
6	Abitan Ayisyen Pou Devlopman Agrikòl	Apoleon TROMPE	Lakwa Sen Jozèf
7	Asosyasyon Travayè Roger Bananier blen (ATRB)	Rosly Rosima	Janrabèl
8	Inyon Peyizan Tèt Kole Mawotyè (IPTKMA)	Dirogène Monmuste	Mawotyè
9	Organisation Paysanne pour le Developement de Fond-Ramadou (OPDF)	Odelin Guilbeau	Janrabèl
10	Misyon òganizasyon Peyizan Mòl Sen Nikola (MOPM)	Wilner Nortilus	Mòl Sen Nikola
11	Organisation des Paysans devoues pour la Developement de La Montagne (OPDDEM)	Beronnonny Bien- Aime	La Montay Janrabèl
12	Association Paysanne pour le Developement Grand Mare-rouge (APDGM)	Nerlande Demannoir	Mare-rouge
13	Tèt kole ti Peyizan Ayisyen rejyon Nòdès	Elifaite Joseph	Nòdès
14	Centre de Formation pour l'Entraide et le Developement Communautaire (CEFEDDEC)	Jacner CHARLES	La Victoir
15	Action pour la Reforestation et la Defense de l'Environement (AREDE)	Castin Milostène	Trou du Nord
16	Kòdinasyon Rezistans Kont Eksplwatasyon Min nan Katye Mòren (KREMKAM)	Maxène Joseph	Kateye Mòren

Lyen ou ka ou kapab swiv kèk aksyon nou ak lòt patnè deja pran kont projè min metal nan Ayiti:

- *Dappiyanp sou tè ap monte an Ayiti, tandiske eskplwatasyon min prezante yon lòt menas* (2022), <https://www.openglobalrights.org/Land-grabs-Haiti-mining-threat-extractives-industry/?lang=Creole>
- *Nan Okazyon Rankont Anyèl Newmont, Kominote Anba Pèmi an Ayiti Di NON Eksplwatasyon Lò* (Avril 2020), [https://chrgi.org/wp-content/uploads/2020/04/Deklarasyon-ki-Di-NON-Aktivite-Min\\_200421.pdf](https://chrgi.org/wp-content/uploads/2020/04/Deklarasyon-ki-Di-NON-Aktivite-Min_200421.pdf).
- Odyans an Angle: Public hearing IACHR 181 session : *Impact of Extractive Industries on Human Rights and Climate Change in the Caribbean* (Tuesday, October 26, 2021) <https://www.oas.org/en/IACHR/Sessions/Default.asp?S=181>